



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE WIKENN ERAB 2024 YO NAN ETA NEW YORK

Ankouraje Nouyòkè yo sipòte pwodiktè lokal yo nan vizite sikreri lokal yo, sa k ap ankouraje endistri a ak agri-touris lokal

Eta New York klase kòm dezyèm nan nasyon an nan pwodiksyon erab; Gen pi gwo resous pye bwa erab ki eksplwatab nan Etazini ak 2,000 pwodiktè sik erab

Foto Gouvènè Hochul k ap vizite fèm erab Peaceful Valley pandan wikenn erab la disponib [isit la](#); Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon pwoklamasyon ki deklare 16-17 mas ak 23-24 mas kòm Wikenn Erab 2024 nan Eta New York. Gouvènè a te mete aksan tou sou pati ke pwodiktè erab New York yo kontinye klase kòm dezyèm nan pwodiksyon erab nan peyi a, avèk 2,000 pwodiktè sik erab ki sitiye atravè eta a. New York se lakay pi gwo resous pye bwa erab ki ka eksplwate. Gouvènè Hochul te patisipe nan Wikenn Erab Eta New York la lè li te vizite Peaceful Valley Maple Farms nan Johnstown, NY.

"Pa gen anyen ki pi dous pase rekonèt travay di pwodiktè erab nou yo nan vizite youn nan plizyè santèn fèm erab ki ouvri pou wikenn erab yo ak pandan tout mwa mas la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri erab New York la se yon kontribisyon enpòtan nan ekonomi nou an ak endistri agri-touris nou an. Pwodiktè nou yo travay di chak ane pou pote ban nou yon varyete pwodwi erab, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo vizite kay sik lokal yo pou aprann plis sou pwosesis pou fè siwo erab la epi sipòte fèm lokal yo."

An 2023, Eta New York te pwodui 750,000 galon erab epi endistri erab New York te itilize 2.5 milyon tiyo. Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la sipòte endistri erab la atravè Bidjè Eta New York la—ki gen ladann finansman pou pwogram pwomosyon ak edikasyon—epi tou atravè investisman nan pwojè rechèch, tankou Arnot Teaching Forest nan Pwogram Erab Inivèsite Cornell la, ak atravè pwogram maketin Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified) ak pwogram Goute NY (Taste NY) li yo.

Wikenn Erab ak Mwa Erab

Pandan tout mwa mas la chak ane, epi, an patikilye, pandan wikenn erab yo, fèm erab atravè eta a ouvri pòt yo bay piblik la pou bay yon chans pou yo goute bon jan kalite siwo erab, ki soti dirèkteman nan sous la, epi fè eksperyans tradisyon familyal inik nan fè siwo erab nan Eta New York. Pwodiktè, ki gen ladan anpil nan moun ki Kiltive & Sètifye NYS, ofri vizit ak dejene krèp, vann pwodwi siwo erab, epi demontre pwosesis kijan yo fè siwo a, ki gen ladan sistèm tradisyonèl kote yo pandye bokit nan pye bwa yo oswa metòd pwodiksyon pi modèn kote yo itilize aspiratè yo pou yo ogmante randman sèv nan chak pye bwa. Wikenn Erab yo an 2024 pral fèt nan prèske 200 fèm pwodiktè sik erab, sa ki pral ranfòse agri-touris atravè Eta New York. Gen yon lis ke ou ka fè rechèch ladan sou aktivite Wikenn Erab yo ki disponib [isit la](#).

Plis pase 90 pwodiktè erab patisipe nan Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la ki verifye pwodiktè agrikòl ak kiltivatè New York yo ki respekte estanda sekirite pwodwi alimantè ak dirabilite anviwònman tal yo. Jwenn yon lis pwodiktè erab aktyèl ki fè pati pwogram Kiltive & Sètifye Eta New York la nan [isit la](#).

Pwomosyon Erab

Taste NY Markets New York la atravè eta a ap mete aksan sou pwodwi ak pwodiktè erab lokal inik yo pandan tout mwa mas la. Plizyè mache ap ofri espesyal, tankou 20% rabè sou tout atik erab nan Sant Dakèy Hudson Valley | Catskills la, yon espesyal dejene krèp pandan tout mwa nan Sant Dakèy Finger Lakes la, echantiyon pwodwi espesyal nan Sant Dakèy Rejyon Kapital la ak plis ankò. Pou yon lis konplè pwomosyon erab espesyal ak evènman Taste NY òganize, vizite [isit la](#).

Agri-touris nan Eta New York

Evènman agri-touris tankou Wikenn Erab ak Mwa Erab yo se yon pati enpòtan nan touris nan Eta New York. Gouvènè Hochul te anonse dènyèman Eta New York te resevwa yon kantite rekò 291.5 milyon vizitè an 2022, pi gwo kantite vizitè nan istwa Eta New York, ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk ak 123 milya dola nan enpak ekonomik total. Gouvènè a te kontinye sipòte touris nan eta a atravè efò maketing I LOVE NY pou ankouraje vwayaj nan Eta New York epi te bay plizyè dizèn milyon dola nan sipò dirèk bay òganizasyon touris yo ak lokal pou efò maketing ki gen rapò ak touris ak pwojè kapital yo.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Wikenn Erab yo se yon moman enteresan pou pwodiktè erab nou yo ak pou Nouyòkè yo, ki bay pwodiktè nou yo yon opòtinite pou konekte ak konsomatè yo epi pataje istwa yo avèk yo—ki jan yo fè siwo erab, poukisa yo renmen sa yo fè a ak anpil lòt bagay ankò. Mwen ankouraje tout moun vizite yon pwodiktè lokal ki toupre yo epi selebre tout bagay ki erab, premye rekòt agrikòl sezon an nan New York."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Vas rezo fèm erab ak sikreri New York la enpòtan anpil pou ekonomi agrikòl ak touris eta a. Wikenn erab yo se yon gwo opòtinite pou rezidan yo ak vizitè yo fè eksperyans pwodiksyon erab an premye, echantiyon pwodwi ki genyen prim yo, epi sipòte endistri enpòtan sa a atravè eta a."

Direktris Egzekitif Asosiyasyon Pwodiktè Erab New York la, Helen Thomas, te deklare, "Pwodiktè Erab nan New York yo jwi pwosesis pwodiksyon siwo erab la epi envite w patisipe nan pwosesis la pandan wikenn Erab New York la. Tape yon pye bwa; goute sèv la jan li soti tou dwat nan pye bwa a; respire odè atiran yo kòm sèv la bouyi nan siwo; ak sètènman, goute pwodwi fini a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)